**Государственное бюджетное общеобразовательное учреждение**
**«Средняя общеобразовательная школа №7 с.п. Пседах»**

| | | |
|---|---|---|
| **« РАССМОТРЕНО»** | **«СОГЛАСОВАНО»** | **«УТВЕРЖДЕНО»** |
| **на заседании методического объединения** | **Зам.директора по УВР** | **Директор ГБОУ «СОШ№7 с.п.Пседах»** |
| **Чентиева Р.У.** | **Цечоева Ж.С** | **Коттоева А.Б.** |
| **Протокол №1 от «25» августа 2023г.** | **Протокол №1 от «31» августа 2023г.** | **Приказ №1 от «01» сентября 2023г.** |

# *Рабочая программа по предмету*

# *«Чеченская литература. 8 класс»*

## *Всего: 34 часа*

## *(1ч. в неделю)*

***на 2023-2024 учебный год.***

*Составитель: Учитель чеченского языка и литературы*

*Энгиноева К.Н.*

Документан бух

**Кхеторан кехат**

8-г1а классан литературина лерина долу х1ара документ кхоьллина юкъара дешаран а, коьрта юкъара дешаран а пачхьалкхан программин буха т1ехь. Программо предметан чулацам схьа а боьллу, бовза а бовзуьйту, билгалбоккху. Белхан программо, литература 1аморан 1алашонца цхьаьна а дог1уш, дешархой кхиоран, кхеторан, 1аморан а юкъара некъаш довзуьйту. Нагахь санна карантине дахана меттиг хилахь, нохчийн мотт 1аморан болх х1окху кепара д1ахьор бу; ватсап, мессенджер, тертетически г1ирс, тесташ, презентаци.

Документан д1ах1оттам

Литературин белхан программа дийна цхьа документ ду, цу юкъадог1у: Регулятивни

– кхеторан кехат;

– дешаран-тематикин план;

– дешархойн хаарийн т1ег1а;

– дешаран методикин болх кхочушбан оьшу г1ирсаш билгалбахар.

Дешаран предметан юкъара характеристика

Лаккхара ийман а долуш, эстетикин мах хадо а хууш, г1иллакх-оьздангаллех массо а аг1ор адам кхиорехь доккха маь1на ду исбаьхьаллин литература.

Дешаран хьукматехь литература хьехар кхочушдо искусствон дахарца з1е тасарца, кеп а, чулацам а вовшех буозарца, историна, ламасташца, керла юкъадалорашна т1е а тийжаш,историн-культурин хаамех пайдаоьцуш, литературин теорин а, историн а коьрта кхетамаш 1амош, исбаьхьаллин произведенеш талла а,церан мах хадо а хаарш луш, литературин меттан исбаьхьаллин г1ирсаш караберзош а.

Дешаран хьукматехь литература хьехаран 1алашо-дешан искусство, классически а, кхечу халкъийн а литературийн хьал довзийтар; литературан социокультурин цхьана декъах санна кхетам балар.Литература 1аморан бух-исбаьхьаллин говзарш ешар а, 1амор; историн-культурин а хиламийн а, дешан говзанчийн биографеш а йовзийтар.

Литературин говзарийн  эстетикин мах хадо, царех кхета дешархой 1амор.